


JESU KRISTU MUMWE CHETE

ZURO, NHASI, NEKUSINGAPERI

 ...aigona kupodza vanorwara. Kupodzwa kunobva kuna Mwari, bedzi. Jesu Kristu haana kutaura kuti aiva mupodzi. Akati... Akaramba kuva mupodzi. Akati, “Handizi Ini ndinoita mabasa, ndiBaba vaNgu vanogara maNdiri, Vanoita mabasa.” Akati, “Handigoni kuita chinhu pachaNgu, asi izvo Ndinoona Baba vaNgu vachiita: ndizvozvo zvinoitwa noMwanakomanawo zvakare.” Ndizvo here? Mutsvene Johane 5:19, Akati, “Ndinongoita chete zvandinatoratidzwa naBaba vaNgu kuti ndiite.” Zvino, Firipi paakaenda ndokuwana Natanieri, ndokumuunza kumusoro ikoko, Ndinofungidzira Baba vakaMuratidza ipapo izvo zvaizoitika. Hamuzvitendi here? Zvino Akati kuna Firipi, Akati, “Tarirai muIsraeri, asina nduru maari.”

Akati, “Makandiziva riinhi, Rabhi?”

Akati, “Firipi asati akudana, pawanga uri pasi pemuti, Ndakuona.”

² Zvino... Ndinotenda kuti wese... Vanhu vangani vakambova mumusangano kumashure? Ngationei ruoko rwako. Zvakanaka. Zvino vangani vasati vambopinda mumusangano kumashure? Ngationei ruoko rwako. Vangani vanova vatorwa? Mwari vakuropafadzei mose. Vazhinji havasati vambopinda mumusangano kumashure.

³ Zvino, ndinoda kukubvunzai imi vanhu vanga vasati vambopinda mumusangano, dai Jesu weNazareta ainge akamira pano nemudzimai uyu, handiti kana iri nyaya yekumupodza, Aizomuudza kuti, “Ndakazviita paNdakakufira.” Aizofanira kuzvigamuchira. Vatendi vose Makristu vanozvitenda here? Zvirowazvo. Hapana zvandaikwanisa kuita kumudzimai kuti ndimubatsire, kana chinhu.

⁴ Chinhu chekutanga, nzira yekutanga, uye nzira yakanakisa, kuzvitenda neShoko raMwari. Chinhu chinotevera, panogona kunge paine chimwe chinhu muhupenyu hwemudzimai, chikonzero sei asingapore.

⁵ Uye shamwari, mumwe munhu akati kwandiri, akati, “Hama Branham, Hama Roberts vakanamatira mazana mashanu evanhu pamunenge muchinamatira mumwe chete.” Zvakanaka, ndizvozvo. Asi Hama Roberts vari kuita zvakavakaudzwa naMwari kuti vaite, uye ndiri kuita zvakavakaudzwa naMwari kuti ndiite. Maona? Tinofanira kudaro. Maona? Tese tiri vaviri tiri kushandira Mwari.

⁶ Asi tarirai, chakarara... Kana munhu aine chivi chisina kureururwa, uye nechimwe chinhu mumwoyo mavo, unogona kuvanamatira husiku hwese, uye hapana chazvinobatsira. Dhimoni iroro richabatirira ipapo. Kana kuti kana munhu iyeye aifanira kuita chimwe chinhu, icho chaasina kuita, zvino Mwari vakaisa chirwere ichocho pavari kuti vavaunze ku—kuyanano, kana kuzogadziriswa, haungogoni kuzviita. Ndzivo zvoga. Uye ipapo ko kana Vakazviita, zvino Mwari vopa munhu simba rekubvisa chirwere ichocho kubva ipapo, uye ozochibvisa, apo Mwari vakachiisa pavari nekuda kwechinangwa. Kana kuti, Mwari havana kuchiisa pavari, Vakarega dhiyabhore kuti azviite. Mwari havaite kuti vanhu varware. Dzimwe nguva Vanotendera dhiyabhore kuti azviite, asi Mwari havangazviiti, pachaVo, nokuti ndiVo Tsitsi; havangavi Tsitsi nerufu. Ndivo Hupenyu kana rufu, chimwe chete; uye ndiVo Hupenyu. Kuburikidza naSatani kunouya rufu.

⁷ Zvino, ndinovimba kuna Mwari kuti Mwari vachabatsira, uye vachabatsira manheru ano, kunzwisisa. Uye chero ani zvake anoziva kuti zviratidzo ndizvo zvinondinetesa chaizvo, uye ndechimwe chiyero chatinopinda machiri. Zvino, zviratidzo hazviuyi, kana chiri chinhu chawakakumbira kuna Mwari; chinhu chinopihwa naMwari nenyasha dzekuzvitongera.

⁸ Ini... Izvi hazvina kumbobvira zvakauya kwandiri... Pandaiva mudiki... Chinhu chokutanga chandinogona kurangarira, kwaiva kuona chiratidzo, uye ndakanga ndisati ndapfuura mwedzi gumi nemisere. Vakandiudza kwandaizogara, guta randaizova mariri. Ndakange ndiri mazana nemazana emamaira kubva kwariri. Handina kumbofunga chero chinhu pamusoro pekuva muguta iroro, asi ndakagara imomo. Maona?

⁹ Uye semukomana mudiki, Vakandiudza zvaizoitika mune ramangwana. Uye zvose zvaVakambotaura, (uye ndichazviunza kuno, kumusangano uno; zvino, ndakange ndiri pano kakawanda, kwazvo, katatu kana kana muNew York; uye vanhu pano vanobva kumativi ose enyika), hamuna kumboona kana imwe nguva zvayo yazvakambotadza kuva chaizvo izvo zvaVakataura. Kana zviri izvo, vose vanondiziva, simudza ruoko rwako, kana, hongu, chiri chokwadi. Maona? Zvino kune vatsva, munoona zvandiri kureva?

¹⁰ Zvino ndechimwe chinhu chekubatsira mudzimai. Chimwe chinhu chekuziva kuti chii chiri kunetsa paari, uye pamwe izvozvova zvaizomubatsira. Kana kuziva kuti chii changa chichinetsa kwaizomubatsira, zvino zvaizowedzera kutenda kwake kuti atende Ishe Jesu. Mose munozvinzwisisa here?

Zvino, tose ngatinamatei pamwe chete.

¹¹ Zvino, Baba, tinonamata kuti Mugotipa kudururwa kunoshamisa kwemaropafadzo eNyu, kuti unganane iyi, manheru

ano, kuti ione nekunzwisisa. Baba, hatidi kuti izvi zvitardizike sekunge mumwe mutambo wekuratidzira (zviri mupfungwa dzevamwe vanhu), asi tinozvida, Baba, kuti zviye mbiri kwaMuri; uye Munoziva zvinhu zvose. Uye ndinonamata kuti Muchazviita, apo tichikumbira maropafadzo aya, muZita reMwanakomana weNyu, Ishe Jesu. Amenii.

¹² Zvino, pamanga makamira apo, uye ndichikuisirai munamato, chimwe chinhu chaitika kwamuri. Munoziva, ndizvo here? Raenda. Ndizvo here? Dambudziko remoyo wenyu rakusiyai. Munogona kuenda kumba. Ndinotenda kuti pane chimwe chinhu chaitika kwamuri. Mwari vakuropafadzei.

Mudzimai anga akamira pano apo Mweya Mutsvene pawaburuka pasi, acherechedza zvaitika panguva iyoyo.

Mungauya here, changamire?

Zvino, ndinonzwa chapupu chichibva kumashure kwechivakwa chinofunga kuti ndiri kuverenga pfungwa dzemudzimai. Handisi. handisi kuverenga pfungwa.

¹³ Pano, chinhu chimwe choga chandinoziva, uyu murume. Huyai pano, changamire. Isai ruoko rwenyu papfudzi rangu, kana kuti, zvakana, apa chaipo. Munotenda here kuti ndiri muranda waShe? Handisati ndambokuonai. Sekuziva kwandinoita, handisati ndambokutarisai kumeso. Uye kuverenga pfungwa, ndaitofanira kukutarisai, munozviva izvozo, asi ndakatarisa kunze kuno. Kana Mweya Mutsvene ukandizarurira, pandiri kutarisa nepamusoro peungano ino, uye wondiudza, Baba vakuru vari kumusoro, vachadaro, kubudikidza neMutumwa wavo, vondipupurira kuti dambudziko rako chii, uchagamuchira here Jesu sewako...? [Hama inoti, "Amenii."—Mupepeti] Uchadaro? Dai Vakandipa, hama yangu.

¹⁴ Zvino, pano pamberi pangu chaipo, ndinoona tafura. Ine chikafu pairo, uye murume uyu ari kudzokera kumashure. Ane dambudziko remudumbu. Ndizvozvo. Mapodzwa, hama. Mwari vakuropafadzei. Endai nenzira yenyu mugopora, muZita raShe.

¹⁵ Mune dambudziko remoyo, zvakare. Rakakukonzera, pamunenge makarara pasi, manzwiwo ekurova-rova, kusvotwa; uyewo imwe nguva, ndinokuonai masvika panzvimo yekuti munofanira kubatirira pane chimwe chinhu zvakadaro; munonzwa sekunge zviri kubuda. Kubvira muchiri mukomana, mainge muchihuta-huta zvisvoma, zvakare. Makambovhundutswa nembwa pane imwe nguva pamakanga muri mukomana uye izvozo, zvakakukonzera kuti muhutehute hupenyu hwenyu hwese. Uye chinhano ichocho chemoyo kuvharika kuri mumoyo menyu izvo zvakakonza kuti mweya unobva mudumbu menyu ukwire nemuchubhu uye uite kakudedera. Zvakanyanya kana makarara pasi. Mapodzwa

zvino. Jesu Kristu akupodzai. Endai nenzira yenyu uye mufare muchiti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu.”

¹⁶ Muri kutenda here, hanzvadzi yangu? Nemoyo wenyu wose? Munotenda here kuti ndiri muranda waVo? Kana Mwari vakandizarurira dambudziko renyu, munozvigamuchira nemoyo wenyu wese here? Saka, kuoma ikoko kwakusiyai, arthritis. Manga muine arthritis. Mapodzwa zvino. Munogona kuenda nenzira yenyu, kutenda kwenyu kwakupodzai. Mwari vakuropafadzei.

¹⁷ Zvakanaka. Ungauye here, mudzimai? Munofungei, hanzvadzi? Mwari vakuropafadzei. Dambudziko renyu reitsvo rakusiyai. Muri munzira yenyu zvino kunopora. Mwari vakuropafadzei. Endai nenzira yenyu mugopodzwa.

Huya, mudzimai.

¹⁸ Munonditenda here, hanzvadzi? Mune kumerera paganda, hamuna here? Pane chisina kumira zvakanaka paganda. Hongu, imi apo. Mapodzwa ipapo. Kutenda kwenyu kwakakuponesai. Mudzimai akagara pano, akapfeka rokwe dema, akagara pamberi pangu chaipo. Manga makagara ipapo, muchinamata; mumoyo menyu, manga muchikumbira rubatsiro, manga musiri here? Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvino, Mwari vanzwa munamato wenyu. Munogona kuenda kumba uye monopora. Jesu Kristu akupodzai.

¹⁹ Kana ndikakuudzai kuti muende munodya kudya kwenyu kwemanheru, mungazvifungawo here kuti dambudziko renyu remudumbu rakusiyai? Radaro. Imi endai munodya kudya kwenyu kwemanheru; Ishe Jesu vakupodzai.

²⁰ Manga muchiudza shamwari yenyu yechidzimai, apo, ane dambudziko remusana, chinhano chimwe chete. Anga asiri here? Uye izvozvo zvaita kuti mwoyo wenyu usvetuke. Mapodzawo, zvakare, nedambudziko renyu remusana. Simukai netsoka dzenyu. Fambisai musana wenyu, kumashure nekumberi sekudai, zvino. Mapora zvamazvirokwazvo, kukombama kwabva, uye mapora zvizere. Kutenda kwenyu ndiko kwakupodzai.

²¹ Muri munhu anohuta-huta, zvakare. Kwanga kuri pamuri kubva pamainge muchipinda munguva yekuguma kubereka, shanduko yehupenyu. Zvakakukonzera kuti muve nechinhano mudumbu menyu chekuti hamukwanise kudya, nokuti zvokudya nezvinhu zvinovava nokuvira mudumbu menyu, zvinokonzera kukanganisika. Handizvo here? Endai kumba munodya kudya kwenyu kwemanheru, zvino. Jesu Kristu akupodzai. Mwari vakuropafadzei. Endai munodya.

Ivai nokutenda muna Mwari.

²² Munotenda here, hanzvadzi? Pakati penyu neni panoratidzika kunge pari kudonha, kunge ropa. Chinhano

chenyu chiri muropa renyu. Chirwere cheshuga. Ndizvozvo. Mu—munoziva kuti insulin chinhu chakanaka, asi Karivhari iri nani zvakanyanya kwazvo. Munogamuchira here kuwedzerwa kwenyu kweropa, zvino, kubudikidza neZita raJesu Kristu?

Mwari, ndinonamata kuti Muzviite kwavari manheru ano, muZita reMwanakomana weNyū, Ishe Jesu Kristu. Amenī.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Endai muchifara zvino, uye muchitenda Ishe Jesu. Amenī. Ishe ngavave nemi, vanhu. Zvino imi. . .

²³ Ndakaperera. Ndinotenda muna Ishe Jesu. Ndiri Mukristu. NdinoVatenda nomwoyo wangu wose uye nomweya wangu wose nepfungwa dzangu dzose. Uye ndinoda kuti mutende.

²⁴ Muri kutenda here, amai, neruoko rwenyu rwakasimuka apo, nemoyo wenyu wose, mugere apo chaipo? Kana mukatenda, zvinhano izvozvo zveasthma zvichakusiyai, uye muchapodzwa, kana muchitenda nomwoyo wenyu wose. Munozviita here? Kutenda kuti Vachakupodzai here? Amenī. Munogona kuwana kuporeswa kwenyu zvino. Ishe vakuropafadzei.

²⁵ Mudzimai mudiki akagara kumashure kwenyu chaiko ane rwake—ane ruoko rwake rwakasimudzwa sezvizi. Ari kurwara netsinga dzakazvimba. Anotenda kuti. . .Ndizvozvo, mudzimai; ndizvo zvamunazvo. Hongu, changamire. Ndinozviziva pasina kupokana. Ndanzwa chiremba achikuudzai kudaro. Ndizvozvo. Munotenda here kuti mapodzwa zvino? Munozvigamuchira nemoyo wenyu wose here? Mudzimai ane tsinga dzakazvimba, munogamuchira here kupodzwa kwenyu zvino? Simukai mugamuchire Jesu Kristu zvino zvinokusiyai. Vanachiremba vakundikana.

²⁶ Mudzimai akapfeka magirazi ake uye aabvisa, muri kuninira ruoko rwenyu kwandiri. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Munotenda here kuti muchapodzwawo, zvakare? Mune dambudziko rechiropa. Ndizvozvo. Munotenda here kuti Kristu anokupodzai zvino? Simukai netsoka dzenyu mugamuchire Jesu seMupodzi wenyu, uye dambudziko iroro rechiropa uye nedambudziko renduru richakusiyai. Mwari vakuropafadzei. Endai nenzira yenyu, uye mupembere uye mufare. Amenī. Kwese-kwese—kwese pamusoro peungano, Chiedza chikuru ichocho chinoita sechiri kugara pamusoro peungano ino.

²⁷ Ndiri kuona mudzimai akagara pamberi pangu, pano. Ari kudzokera shure, shure, shure. Pane chimwe chinhu, oo, murume akagara parutivi pake. Chiedza chiri kuita sechakaremba pamusoro pe. . .Oo, iye ari. . .Zvichida akambova mumutsara wekunamatirwa. Akambova. Asi mudzimai akagara apo ane hay fever. Ange achinetswa nayo kwemakore akawanda. Ndinomuona ari mudzimai wechidiki, akabata mhuno yake semudzimai wechidiki, aine vhudzi refu, uye akabata mhuno yake. Ndizvozvo, mudzimai. Akagara apo chaipo. Mava nayo

kwemakore angasvika makumi maviri, hamuna here? Muri kuenda kumba manheru ano. Munotenda here kuti muchange mapora kana masvika ikoko? Munogamuchira kupodzwa kwenyu here?

Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari akupodzei.

Iva nokutenda muna Mwari. “Tenda chete, tenda chete, zvinhu zvese zvinogoneka.”

²⁸ Ndiri kuona Chiedza chaMwari chakaremba pamusoro pomudzimai agere ipo pano. Ipo pano, pane mudzimai akagara umo chaimo. Ane chirwere cheshuga. Unotenda here kuti Ishe Jesu vachakupodza manheru ano, mudzimai? Akagara, akanditarisa chaiko apo akapfeka rokwe regirinhi, mudzimai akagara umo chaimo. Hongu, imi, hanzvadzi. Munotenda nemoyo wenyu wose here kuti Jesu Kristu achakupodzai manheru ano? Simukai netsoka dzenyu zvino, gamuchirai kupodzwa kwenyu zvino. Amai, muri mudzimai akazvinipisa, hamuna zvakawanda zvekutaura, asi Mweya waIshe Jesu Kristu wakushanyirai manheru ano, uye kutenda kwenyu kwadhonza simba kubva muHunhu hwaVo Mwari, uye mapodzwa muZita raIshe Jesu. Mwari vakuropafadzei. Endai kumba muchifara, muchipembera, muchitenda nomwoyo wenyu wose.

Zvino, ivai nekuremekedza kwese-kwese.

²⁹ Oo, shamwari Makristu, izvo Mwari vanogona kuitira ungano ino panguva ino nekutenda. Ivai nekuremekedza. Zvino, ndapota ivai nekuremekedza, zvino musatore chero mifananidzo panguva ino; handisi kukwanisa kuona kumashure-shure, kamuri yese.

³⁰ Handisi murevi wenhema, uye handisi munyengeri. Ndiri hama yenyu uye ndiri kutaura chokwadi. Mweya Mutsvene uri kufamba pamusoro pechivakwa ichi uye uri kugara mese muno. Mudhuri wekutenda unotanga kubuda.

³¹ Mudzimai muduku akagara apo, akanditarisa, munotenda here kuti Mwari vachakupodzai kubva pakutsemuka kwamuinako? Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai, vokuitai kuti muite zvakanaka? Zvakanaka, simukai netsoka dzenyu. Kutenda kwenyu kwakupodzai zvino.

³² Seri kwavo chaiko vane dambudziko remoyo iroro apo, munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Vakagara kumashure uko chaiko. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai, changamire? Simukai. Kutenda kwenyu kwakupodzai. Farai.

Oo, Mwari ivai netsitsi.

Zvichazovei kana Tenzi vedu vauya? Vachawanei?

³³ Uyu ndiye murwere here? Ruregerero, mudzimai. Huyai pano. Munotenda nemoyo wenyu wese here? Munotenda here kuti muri muHupo hwaVo zvino? Tiri vatorwa mumwe

kune mumwe. Handisati ndambokuonai muhupenyu hwangu. Tiri vatorwa zvachose. Muri kurwara neku—kukanganisika kwemuviri. Kwakakonzerwa nekukuvara. Mune chinhano cheganda. Munohuta-huta zvakanyanya. Zita renyu ndiHelen S-p-e-c-i-a-n, Specian. Munogara panhamba 17 Market Street, Bloomfield. Ndzivo here? Endai kumba. Mapora, hanzvadzi. Jesu Kristu akupodzai.

Ivai nekutenda muna Mwari.

³⁴ Zvino, ivai nekuremekedza, munhu wese. Hamuzive kuti zvinokanganisa sei...Ndinokudai mose uye ndiri pano, ndichiedza chete kumiririra Ishe Jesu paAkamuka kubva kuvakafa, dai Anga akamira pano. Nyaya yacho yose kungozvipira kuMweya Mutsvene. Ivai nekuremekedza. Uri pano kukuropafadzai, kukupodzai. Zvinhu izvi zvinongoitirwa mbiri yaMwari, kukupodzai, kuitira kuti mutende kuMwanakomana waVo, Ishe Jesu Kristu.

³⁵ Imi rangerirai, handisi ini. Ndinotaura, neruoko rwangu rwuri pamusoro peBhaibheri rangu, pamusoro pemoyo wangu, “Handisi ini.” Rumbidzo yose kuna Ishe Jesu Kristu, oga. Ndiye Wacho. Akamuka kubva kuvakafa. Ari pano manheru ano.

³⁶ Zvino, ruregerero...Dzimwe nguva chaizvo, ndichiafambisa kumeso kwangu, maoko angu anenge abatwa nechiveve zvekuti, handitozive pandinobata chero chinhu. Dai waimbova nazvo pauri kamwe chete, waizoziva zvandanga ndiri kutaura nezvazvo.

³⁷ Makadiniko? Ndinofungidzira kuti tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Hatizivane, asi pane mumwe Munhu pano muhupo hwedu Anoziva tose tiri vaviri. Muri kuzviziva izvozvo. Mudzimai, kwave kuita rima pamuri, uye ndiri kukuonai mune...chipatara. Maive muri...makabva muchi—chi...chipatara. Maive muri mu...chipatara chevanorwara nefungwa nekuda kwechinhano chekuhuta-huta chakakukanganisai. Makaedza nesimba, dhiyahore anga achikurwisai. Makaedza kuzviuraya kakawanda. Uye makaedza...uye makati mupfungwa dzenyu, manga matsunga mupfungwa dzenyu, kana mukanga musina kusvika papuratifomu ino kana kunamatirwa mumusangano uno, manga muri kuzozviuraya. Makazvitauro mumoyo menyu, asi Mwari munyasha dzaVo vakusvitsai pano. Inguva yekupodzwa kwenyu. Mune murume uye zita rake, va—vanomuti Al. Al Smith ndiro zita rake. Endai kumurume wenyu semudzimai apora. Huyai pano zvishoma.

³⁸ Iwe dhiyahore wakasunga mudzimai uyu anonzwise urombo, buda maari nemuZita raJesu Kristu uye umusiye. Achararamira kubwinya kwaMwari; iwe siya mudzimai.

Ameni. Endai nenzira yenyu muchifara, porai zvino.

Ivai nokutenda muna Mwari. Tendai nemooyo wenyu wese.

³⁹ Manheru akanaka, changamire. Munotenda here kuti ndiri muranda waVo? Hama yangu, macherechedza kuti makamira muHupo hwaVo. Haisi hama yako, Muponesi wako uye uri kuziva zvino kuti manzwiro ayo ari pauri seausati wambova nawo. Kana chiri chokwadi, simudza ruoko rwako. Hapana anogona kumira muHupo hwaVo pano, otadza kuziva kuti ichokwadi, panguva ino, hama, apo zvose, zvakakupoterredza, zviri kuva Chiedza. Dambudziko rako riri mumhuno yako, uye uri kunetseka pamusoro pomumwe munhu. Ihanzvadzi, uye ari muchipatara chevanorwara nepfungwa, uye wakamirira pano kudzikinurwa kwake.

Mwari Samasimba, apo chizoro cheMweya Mutsvene, ndinoturika maoko pamusoro pake, nekuda kwake nemudikanwi wake.

Ndinotsiura dhiyahhore akasunga musikana. Buda, muZita raJesu Kristu.

Mwari vakuropafadze, shamwari yangu; enda, uye upodzwe.

Iva nokutenda muna Mwari. Tenda nemoyo wako wese.

Ndiye murwere wacho here uyu? Kune mhute kwese kwakakupoterredzai.

⁴⁰ Wakadii zvako, mudzimai? Munotenda here kuti ndiri muranda waVo? Munotenda nemoyo wenyu wose kuti Mwari Samasimba vakamutsa Mwanakomana waVo, Ishe Jesu Kristu, uye zvinhu izvi zvamunoono zvichiitwa ndiIshe Jesu vamwe chete? Munotenda here kuti ndiVo Vamwe chete pano, muhupo hwenyu chaimo, zvino, uye nemuhupo hwangu, vakataura nemudzimai patsime? Vaiziva hupenyu hwake hwose. Hapana chaigona kuvanzika kwaari. Uye kana Vakandizodza neHupo hwaVo uye neMweya waVo, hupenyu hwenyu hwaizova hwakaita sebhuku kwandiri, sekuzarura kwaVaizozviita, asi handigoni kuzviita, kunze kwokunge Baba vandiratidza kutanga. Munozvitenda here?

⁴¹ Hamusi wemunyika ino. Munobva kunyika yavane miti yemichindwe. Betty Broadwell ndiro zita renyu. Munogara pa2214 Beverly Street, Los Angeles, California. Muri mukuomerwa zvakadzama. Idambudziko rechiropa, uye ikenza iri pachiropa. Uye mune shamwari yamuri—muri kubatikana nezvayo. Uye munotenda here kuti achapodzwa? Ane dambudziko remoyo. Myrtle. Uye ane, ane dambudziko riri mukati. Uye zita rake ndiMyrtle. Uye muri kuenda kwaari, kuti imi mupore, uye kuti naiye aporewo, zvakare.

Muzita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ndinotsiura dhiyahhore, kuti mudzimai uyu asunungurwe, kubudikidza naJesu Kristu. Amen.

⁴² Makadiniko? Munotenda nemoyo wenyu wose here kuti makamira muHupo hwaVo? Kwete hama yenyu, asi Hupo

hwaVo, hanzvadzi? Kwakakwana, pamakamira . . . muSpanish, muri here? Uye ini, muIrish. Akafanana naJesu nemudzimai. Huyai pano. Tarisai uku zvishoma chete, mudzimai, muZita raIshe Jesu. Muri kurwara nedambudziko rekuhuta-huta, dambudziko nemaziso enyu; uye muri, zvakare, muri kunetseka pamusoro pemwanakomana, chirwere cheshuga. Munotenda here kuti Ishe Jesu vachakupodzai mese?

Mwari Samasimba, Muvambi weHupenyu, ropafadzai mudzimai uyu, uyo wandinoropafadza muZita reNyu, uye ngaende, ari mudzimai ari zvinotarisirwa, muZita raJesu. Ameni.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Endai muchipembera, muchifara zvino, uye muite zvakanaka.

⁴³ Munotenda nemoyo wenyu wese here? Munotenda here kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari ari pano? Magadzirira oparesheni, hamuna here? Matambudziko emukati, handizvo here? Uye munobva kuBrooklyn. Endai kumba. Jesu Kristu akupodzai.

Hunzai mwana.

⁴⁴ Huyai. Munotenda here kuti ndiri muranda waVo? Chaizvoizvo munototaura chiNorwegian. Mune dambudziko remudumbu; uye ndiri kuona chimwe chinhu chiri kuratidza maoparesheni potsi, piri, tatu, ina, shanu, nhanhatu, amakaitwa. Jesu Kristu anokupodzai zvino. Mbiri yose ngaive kuZita raIshe Jesu. Podzwai.

Mirai netsoka dzenyu. Mumwe nemumwe wenyu muZita raJesu Kristu mupodzwe.

Mwari Samasimba, ndinotsiura dhimoni rese.

Buda kubva muvanhu, Satani, muZita raJesu.



JESU KRISTU MUMWE CHETE ZURO, NHASI, NEKUSINGAPERI SHO54-0829E
(Jesus Christ The Same Yesterday, Today, And Forever)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Nyamavhuvhu 29, 1954, paSt. Nicholas Arena muNew York, New York, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org